

KARMIN lagi-lagi cemberut. Dirinya kembali merasa sebagai orang yang paling sial sekampung. Penyebabnya sederhana, tiap kali ada bagi-bagi jatah Bantuan Sosial atau Bansos, dirinya selalu kelewatan.

Padahal, dirinya juga berkat-egori miskin. Buktinya, misalnya, rumahnya yang biasa saja. Belum dikeramik, listrik juga masih golongan paling rendah. Pekerjaannya juga masih serabut.

Jika malam tiba dirinya juga hanya bisa merutuki nasib. Terlihat istrinya juga cemberut setiap kali kelewatan tidak menerima Bansos. Anak kecil mereka juga tampak tak terurus.

Karmin memang warga biasa saja. Bergaul juga biasa saja. Saat kelewatan tak menerima Bansos juga tak mampu protes.

Sebenarnya banyak warga lain mendorong dirinya untuk protes. Setidaknya menyampaikan pada Ketua RT dan Kepala Dusun. Tapi, hal itu pun tak mau dilakukannya.

Pak RT dan Kepala Dusun juga sepertinya pura-pura tak mau tahu. Biasalah, begitulah kehidupan warga desa. Begitulah rupa-rupa dinamikanya.


Jika ada warga kampung lewat di depan rumah Karmin membawa seplastik Bansos, maka Karmin hanya bisa memandang sambil ngiler.

Jika ada warga kampung lewat di depan rumah Karmin menenteng lebih dari satu plastik Bansos, Karmin hanya melihat sambil melongo.

Jika ada warga kampung lewat di depan rumah Karmin tertawa ngakak, riang gembira mendapat Bansos, Karmin hanya menitikkan air mata.

Hanya ada satu orang saja bernama Karmin yang pikiran dan perasaannya tercabik-cabik setiap kali musim Bansos tiba.

Warga sekampung juga



seperti tak peduli jika setiap hari keluarga Karmin bisa makan atau tidak. Memang makin elok kehidupan warga zaman sekarang di era ponsel. Banyak orang seperti makin tak peduli antara satu dengan yang lain.

Saat Karmin sakit saja orang kampung peduli, tapi soal Bansos Karmin harus berjuang setengah mati agar diakui sebagai orang miskin. Karena merasa dikucilkan warga kampung, Karmin pernah mau transmigrasi. Tapi, rencana itu gagal total. Istrinya tak setuju. Alasannya lebih senang di kampung halaman meskipun miskin bukan kepalang.

Hari-hari Karmin dan keluarganya adalah hari-hari pasrah. Karmin sudah malas mengurus segala hal terkait pengakuan sebagai orang miskin. Ia merasa harusnya pejabat kampunglah yang lebih peduli. Tidak usah menyodorkan diri juga sudah tahu bahwa dirinya jelas orang miskin.

Kadang-kadang Karmin berpikir, memang aneh karakter orang Jawa. Bisa saja pura-pura tidak tahu. Tapi, begitulah

yang harus ia jalani. Bertemu dengan banyak orang yang halus, lugu, dan santai, namun bisa juga diam-diam buas.

Kadang-kadang Karmin juga berpikir, tak layak menyesali nasib, maka lebih baik ia menerima saja dengan lapang hati. Sembari terus bekerja dan tidak mengharap lagi Bansos tiba di tangannya.

Sampai suatu hari, karena rajin bekerja keras, Karmin justru mampu menyantuni banyak warga kampung, termasuk Pak RT dan Kepala Dusun. Keduanya masih saja mau menerima hibah harta Karmin yang sudah melimpah ruah.

"Terima kasih, Mas Karmin. Masih ingat sama saya," kata Pak RT.

"Terima kasih juga, Mas Karmin. Masih mau peduli dan memberi saya," ujar Pak Kepala Dusun.

"Ya, Pak. Orang Jawa memang harus saling tolong menolong," tukas Karmin kepada keduanya. ***

Yogyakarta, Februari 2024

*)Sاتمoko Budi Santoso, tinggal di Yogyakarta.

Oase

Ardy Priyantoko

MATA BIRU

Aku akan segera sampai di matamu yang biru. Bercerita tentang pohon dan langit yang memerah. Tentang seduhan kopi, serta sepiring mangga dan buah naga.

Kemudian di dadamu yang menyala aku akan memetik sesuatu yang paling murni dari jantungmu.

Sesuatu yang akan menjagamu dari hal-hal yang mempercepat kebahagiaan.

Jangan khawatir, Na. Aku akan selalu mendoakan kebaikan-kebaikan untukmu. Akan kurapalkan doa-doa terbaik, agar segala yang mustahil tidak muskil.

Kukira dengan bertemu, akan meredakan hujan di mata birumu. Nyatanya jarak sedang melubangi kedua tangan kita.

Kemudian darah mengalir di matamu, di mataku. Memenuhi dada, memerahkan mata yang menyala.
Yogyakarta, Januari 2024

YANG TERGELINCIR DARI LIDAHKU

Tidak ada yang kucari selain namamu yang sembunyi di balik kelopak mataku.

Tidak ada yang ingin kudapati selain debar yang tidak lagi terdengar, dari jantung kita yang berjarak.

Tidak ada yang ingin kuselesaikan selain dahaga yang mengendap malu-malu dari bibir masaimu.

Aku akan terus mencari, sisa perjalanan dan hujan berbulan lalu. Sambil mendengarkan lagu-lagu sendu yang tidak semua orang tahu.

Kemudian pada riuhnya kesepianku, hanya kata cinta yang tergelincir dari lidahku.

Namamu? Lidahku terlalu kelu untuk merapalnya, selain sebagai doa yang kupanjatkan setiap waktu.
Yogyakarta, Januari 2024

KAU DAN MASAKANMU

Aku hanya bisa membayangkan kebahagiaan sederhana. Seperti melihatmu membawa buah dan sayur setiap pulang kerja.

Atau sebuah telur dadar yang tidak terlalu kering yang kau masak dengan air mata.

Di halaman rumah anak bermata biru bermain dengan bayang-bayang. Sementara kita berdebat tentang sesuatu yang sudah terlampau usang.

Kemudian pada sepiring nasi, kau hidangkan tumis kacang panjang, dengan bumbu cinta dan irisan sayang.

Kau dan masakanmu adalah nyeri yang bertubi. Adalah cara melukai diri sendiri.
Yogyakarta, Januari 2024

APEL YANG TUMBUH DI TUBUHMU

Sebutir apel menyala di matamu. Hijau-memerah, semalu matahari yang terbit dari keningmu.

Kemudian dari setiap nyalanya akan selalu ada sebaris bayang yang memutih di antara pagi yang masih tertatih.

Sepohon apel mengakar di tubuhmu. Getas seperti ranting yang tumbuh dari lengan-lenganmu. Di setiap tunas mudanya, lahir kekhawatiran dan penerimaan.

Berbuah apel menggelantung di rambutmu. Manis seperti bibir, renyah seperti lidah. Kulitnya serupa keningmu, kuning menyala.

Di antara kebun apel yang tumbuh dari tubuhmu, lapar seperti bianglala, terus berputar. Menjelajah tinggi-rendah apa-apa yang tersimpan. Apa-apa yang tersembunyi dalam sajak-sajakku.
Yogyakarta, Januari 2024

*)Ardy Priyantoko, tinggal di Kulon Progo, Yogyakarta. Bergiat di Jejak Imaji. Mengabdikan di Universitas Ahmad Dahlan (UAD).

MEKAR SARI

MINANGKA staf pamong kalurahan, mesthi wae aku mituhu dhawuhe pendhuwurku ya lurahku, Bu Hasmi. Panjenengane ngasta lurah ing Sumbermulya kene sawise menangake pilihan lurah setaun kepungkur. Ya saploke dadi lurah, aku asring dijak nekani undangan menyang padhukuhan-padhukuhan, kapanewon, lan sapiturute. Embuh merga padha-padha wanita, apa merga aku wong manutan pa piye, aku ora ngerti. Sing cetha, aku dadi wong sing paling cedhak klawan panjenengane.

Ananging wis sawetara iki aku ngrasakake ana owah-owahan. Bu Hasmi ora nate ngajak aku nekani undangan kang ditampa, kepara amem marang aku. Pasuryane sing maune sumringah malih mbesengut yen kepethuk aku. Aku ora ngerti jalarane. Apa merga beda pilihan ngadhepi Pemilu iki? Nanging ora, wong aku ora ngerti pilihane. Banjur salahku apa ya ...? Aku terus metani awakku dhewe, nanging durung nemokake.

Dina iki aku didhawuhi Pak Kamituwa makili ing kapanewon, ana acara rembug bab *stunting*. Pak Hasyim Kamituwa ora bisa tindak, merga layat ing Semarang. Nalika aku lagi siyap-siyap, ujug-ujug Bu Lurah mlebu ruwanganku.

"Mbak Ruri, sampeyan arep neng kapanewon?" pandangune.

"Inggih, Bu. Makili Pak Kamituwa," wangsulanku.

"Yen ketemu karo Pak Panewu aja aneh-aneh! Panjenengane wis kagungan garwa lan putra!" Makdheg aku krungu ngendikane kuwi. Lurah wanita yuswa 58 taun kuwi njur klepat, metu ninggalake aku sing lungguh njegreg dhewekan. Ora ngira yen panjenengane kagungan panyakrabawa ala marang aku. Oh, apa aku tukang ngganggu bojone uwong utawa pelakor? Ora babar pisan! Bener umurku wis 42 taun durung omah-omah. Wong ngarani aku prawan tuwa. Ananging aku ora wani ngganggu bojone uwong. Ajamenah priya sing wus krama, sing isih legan wae aku ora wani. Atiku wis kadhung tatu, rojah-rojeh. Soale, mbiyen sauger sambung tresna klawan priya mung diblenjani, ditinggal semprung, dinggo dolanan, sapiturute. Sing pungkasan setya tuhu, ananging ora dipengestoni wong tuwane calonku, wusana bubaran. Dheweke rabi karo wanita pilihane wong tuwane. Atiku ajur dadi sawalang-walang. Wiwit iku atiku daktutup rapat kanggo priya tekan saiki.

"Ngapa Mbak Ruri, esuk-esuk kok wis legeg-legeg?" Mbak Arum staf-e Jagabaya mlebu ruwanganku. Aku ora mangsuli. Dheweke malah ngguyu nggleges, njur ngomongi yen Bu Lurah ki sujana marang aku. Lhadalah, aku

njombla. Jarene wiwit ana acara Epdeskel utawa Evaluasi Perkembangan Desa dan Kelurahan, rong minggu kepungkur. Wektu kuwi aku ngisi selingan kanthi maca gurit. Pak Panewu karenan, terus maringi kembang marang aku. Aku bungah ning ya biyasa wae, wong diwenahi kembang nalika bar maca gurit utawa nyanyi iku barang kang lumrah. Eh jebul kok ana sing sujana.

"Lhoh, kembang ki *ungkapan apresiasi*. Tur meneh Bu Lurah rak ya kagungan garwa ta, kok ...?" Tembungku ora dakterusake. Mbak Arum nutupi tutuke nganggo drijine, trus metu tumuju ruwangane karo klecam-klecem.

Aku menyat terus mbandhangake motorku tu-

Kembang saka Panewu

Cerkak: Eny Ms



muju kapanewon. Tekan kono acarane wus lekas. Rampung acara, aku dicedhaki Pak Joko, panewune. Priyayine gantheng ireng manis, kathik budi pakartine luhur, tansah sopan, tur pinter. Pantes tinulad. Panjenengane ngersakake nomerku ya takcaosi. Eh sorene panjenengane kirim chat WA ngendikakake yen aku ki memper mbakyune ipe sing wis sowan Gusti pitung taun kepungkur. Wong Ya Allah ... ngono critane. Aku sesuk kudu nerangake marang Bu Lurah, ndhak nesu wae. Aku nerusake maca critane Pak Joko. Asmane mbakyune ipe Utami, bekti marang kakunge uga marang maratuwane.

"Mbak Utami uga pinter gawe geguritan, asring maca ing acara-acara mirunggan. Mula nalika sampeyan maca gurit, langsung dakwenehi kembang," pratelane Panewu yuswa 48 kuwi.

"Nalika Simbok gerah tekane seda, Mbak

Utami sing ngrumat. Ya ndulang, nyiram utawa ngepel, ngresiki le mbebuwang, sapiturute ora wigah-wigih," critane Pak Joko, aku uga dikirimi fotone barang. Daksawang pancen memper aku.

"Wis pesthine, rong taun candhake Mbak Utami katimbalan, merga alangan. Mas Haryadi ora kersa krama maneh tekan saiki. Embuh yen ketemu Mbak Ruri sing memper swargi," ngendikane meneh. Atiku anyep wae. Pungkasane Pak Panewu ngersakake silaturahmi arep nepungake kangmase marang aku. Aku ora kabotan, jer wong srawung iku kudu jembar.

Dina candhake, aku njlentrehake marang Bu Lurah kareben ora sujana maneh. Ananging jebul ora percaya. Dakkirimi fotone mbakyune ipe sing memper aku, eh ... malah meta-meta. Aku dilokake kumawani WA-nan karo Pak Panewu. Wis jiyana .., piye-piye kok salah! Durung nganti mendha, hapeku muni. Jebul tilpun saka Pak Panewu.

"Oh, badhe rawuh ten griya kula, Pak Panewu?" Aku njarag wangsulan sero supaya Bu Lurah mireng. Daklirik, Bu Lurah kaget, pasuryane abang ireng.

"Nggih, mbenjang siyang kula tengga." Pak Panewu nutup tilpune, nanging dakjarag mepanas Bu Lurah.

"Makasih ya, Mas Panewu. Bye, bye Sayang!" Ben, dakapusi mengkon. Sisan. Salahe ora ngapa-ngapa kok disujanani. Tenan, rampung tilpun, Bu Lurah muring-muring.

"Kowe ki nggo mantra apa, kok Pak Panewu kersa nenggonmu? Nangne lu-rahe we rung tau!" Aku ora mangsuli, mung klecam-klecem wae. Wis dijelasake ya ora kersa nampa, kon ngapakke ...

Dina candhake, Setu awan. Tamu wis rawuh, aku isih ubeg neng pawon nyawisake pasugatan mirunggan. Ibu wis nemoni, mung piyambakan jalaran Bapak wis tilar, lan mbakyuku siji wis krama manggon ing Pengasih, Kulon Progo. Nalika aku metu ngladekake unjukan, katon Pak Panewu lenggah jejer karo priyayi kakung sing dingendikake yen kangmase. Pirsane aku, kangmase Pak Panewu kuwi katon njenggirat. Aku dipandang ora kedhep-kedhep. Suwe-suwe netrane kembang-kembang luh. Atiku nggregeli, mesakake. Aku maca netrane Pak Panewu ngemu tembung supaya aku gelem ngampingi kangmase. Aku nyawang ibuku, ing netrane uga ana pengareparep gedhe supaya aku ndang gelem omah-omah. Aku menang wae, lagi arep nakoni atiku.

Sanggar Ati Lejar Sumbersari Moyudan, Desember 2023

Geguritan

Bambang Nugroho

TUDING TINUDING

Yen wis konangan belange Banjur padha tuding tinuding Rebut menang golek bener emoh salah Mangka wingi padha rerangkalan Kong kanglingkong ngakali paugeran,

Saiki dadi sengit kepati-pati Kaya ora tepung Esuk dulur sore mungsuh Kepara malah njorogake Supaya cepet lumebu ing wuwu

O, pancen kejem temen Dolanan genine panguripan Sing bisa mubal mangalad-alad Ngobong tatakrama kamanungsan Lali kekancan lan paseduluran

Bangunjiwo, Januari 2024

REBUT MENANG

Yen wis rebut menang Apa wae bakal diterjang Ora eling tatanan apa paugeran Senadyan meshti nunjang-nunjang

Kana kene bakal disemplang Menawa ora gelem ewang-ewang Supayane bisa menang Ora petung halal haram

Bakal lali marang sabarang Endi sedulur endi kadang Bisa dadi memungsuhan Kabeh kajurung bisane menang

Bangunjiwo, Januari 2024

SAYA RAME

Wis kono padha rame Ora ana isin maneh Ngudhal-udhal wadine liyan Kaya dadi panganan enak Wingi kanca saiki mungsuh Wingi mungsuh saiki kanca Wingi seneng saiki sengit,

Wingi melu kana Saiki melu kene Leda lede rana rene Endi kang kirane oleh akeh Golek bener golek slamet Bisa ngenyek ngece Kanthi rasa marem Rebut menang rebut seneng,

O, ... dadi kaya bocah kabeh Rebutan dolanan Direwangi bengkerengan kerengan Nganti lali kanca lali kadang Arepa nunggal saomah Wis aja diterusake Mundhak saya rame Bakal ora becik kedadeyane

Bangunjiwo, 200124